**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–16.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

कोलकाता मे ट्रेनी डॉक्टरक संग दुष्कर्म आ हत्याक घटनाक विरोध एम्हर, प्रदेश मे सेहो शुरू भऽ गेल अछि। विरोधक कारणे अस्पताल सभ मे चिकित्सा सेवा पभावित भेल अछि। जुनियर डॉक्टर आ रेजिडेंट डॉक्टरक हड़तालक कारणे प्रदेश मे कतेको सरकारी मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे ओपीडी आ आपातकाल सेवा बाधित अछि। एहि कारणे मरीज आ हुनक परिजन के बड्ड दिक्कत भऽ रहल छनि। कतेको महत्वपूर्ण ऑपरेशन के सेहो टारल गेल अछि। हमर पटना संवाददाता जनौलनि अछि जे पटनाक एम्स मे छात्र जुनियर डॉक्टर आ रेजिडेंट डॉक्टर लोकनि विरोध मार्च निकाललनि आ घटना के लऽकऽ प्रदर्शन कयलनि। विरोध प्रदर्शनक कारणे पटनाक एम्स मे ओपीडी सेवा ठप अछि। एकर अतिरिक्त पटना मे पीएमसीएच, एनएमसीएच आ आईजीआईएमएस मे सेहो चिकित्सा सेवा बाधित भेल अछि। दरभंगा मे डीएमसीएच मे विरोध प्रदर्शन कऽ रहल डॉक्टर लोकनि आईएमएक आह्वान पर शनि दिन सवेरे छओ बजे सँ रवि दिन प्रातः छओ बजे धरि गैर आकस्मिक काज के बहिष्कार करबाक निर्णय कयलनि अछि। इंडियन मेडिकल एसोसिएशन आईएमए काल्हि सवेर सँ चौबीस घंटा लेल देशभरि मे चिकित्सा सेवा बंद करबाक घोषणा कयने अछि। आईएमए कहलक अछि जे एहि क्रम मे सभ आवश्यक सेवा बहाल रहत। मुदा, नियमित ओपीडी चालू नहि रहत आ वैकल्पिक सर्जरी नहि कयल जायत। एम्हर, केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय कहलक अछि जे डॉक्टरक विरूद्ध हिंसाक मामिला मे संबंधित संस्थानक दिस सँ अधिकतम छओ घंटाक भीतर एफआईआर दर्ज कराएब अनिवार्य होयत। स्वास्थ्य सेवा महानिदेशक अतुल गोयल एहि संबंध मे केन्द्र सरकारक अस्पताल आ मेडिकल कॉलेजक प्रमुख लोकनि के पत्र लिखलनि अछि।

---

चुनाव आयोग आइ जम्मू कश्मीर आ हरियाणा लेल विधानसभा चुनावक घोषणा कऽ देलक। मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार आइ नव दिल्ली मे जनौलनि जे जम्मू कश्मीर मे परिसीमनक बाद बनल नब्बे सीट लेल तीन चरण मे मतदान होयत। अठारह सितम्बर के

पहिल चरण, पच्चीस सितम्बर के दोसर चरण आ एक अक्टूबर के तेसर चरणक भोट खसाओल जायत। हरियाणा मे एक अक्टूबर के एकहि चरण मे सभ नब्बे सीट लेल मतदान कराओल जायत। दुनू राज्य मे भोटक गिनती चारि अक्टूबर के होयत।

———————————————————————

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन आइ पृथ्वी अवलोकन उपग्रह आ एसआर–ओ उपग्रह के सफलतापूर्वक प्रक्षेपण कयलक। एहि उपग्रह के लघु उपग्रह प्रक्षेपण यानक तेसर विकास उड़ानक माध्यमे अंतरिक्ष मे पठाओल गेल। ई सफल प्रक्षेपण साबित कऽ देलक जे भारत माइक्रो, मिनी आ नैनो उपग्रह पठेबा मे सक्षम अछि।

———————————————————————

पूर्व प्रधानमंत्री भारतरत्न अटल बिहारी वाजपेयीक आइ पुण्य तिथि अछि। हुनक निधन सोलह अगस्त दू हजार अठारह के भेल छल। सत्ताईस मार्च दू हजार पन्द्रह के हुनका देशक सर्वोच्च नागरिक सम्मान भारतरत्न सँ सम्मानित कयल गेल। अटल बिहारी वाजपेयी तीन बेर प्रधानमंत्री, दू बेर राज्यसभा सदस्य आ दस बेर लोकसभा सदस्य रहलाह। ओ देशक सर्वाधिक लोकप्रिय प्रधानमंत्री मे एक छलाह। प्रधानमंत्रीक रूप मे हुनक सभ सँ पैघ उपलब्धि एक मई उन्नैस सय अंठानवें मे राजस्थानक पोखरण मे कयल गेल परमाणु परिक्षण छल, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटनाक पाटलिपुत्र पार्क मे अटल बिहारी वाजपेयीक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि देलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री पूर्व प्रधानमंत्रीक पुण्य तिथि के राजकीय समारोहक रूप मे मनाओल जयबाक घोषणा कयलनि। दरभंगा मे विद्यापति सेवा संस्थान द्वारा आयोजित कार्यक्रम मे वक्ता लोकनि अटल बिहारी वाजपेयीक योगदान पर चर्चा कयलनि।

———————————————————————

प्रदेश मे आइ अलग–अलग ठाम छओ गोटे विभिन्न नदी आ खाधि मे डूबि गेलाह। बेगूसराय जिलाक लखमिनिया मे एक खाधि मे डूबला सँ दू किशोरक मृत्यु भऽ गेलनि। ओतहि, सिमरिया घाट पर स्नान करए गेल आ रील बनेबाक क्रम मे गढ़पुराक एक युवक डूबि गेलाह, ओम्हर, शिवहर मे बागमती नदी मे डूबा घाट पर एक सोलह वर्षीय युवक डूबि गेलाह। ओतहि, जिलाक मोरी गाम लऽग सेहो नाव सँ नदी मे एक बीस वर्षीय युवक डूबि

गेल। दुनू ठाम एसडीआरएफक टीम डूबल युवक के खोज मे लागल अछि। ओम्हर, खगड़ियाक कुम्हरचक्की गाम मे बाढ़िक पानि मे डूबला सँ एक बालकक मृत्यु भऽ गेलनि।

————————————————————————

सत्तरम् राष्ट्रीय फिल्म पुरस्कारक घोषणा कऽ देल गेल अछि। गैर फीचर फिल्मक श्रेणी मे आइना के जखनकि फीचर फिल्मक श्रेणी मे गुलमोहर के सर्वश्रेष्ठ सिनेमाक पुरस्कार भेटल अछि।

————————————————————————

समाप्त